



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Brase lide ak kèk edisyon konsènan piblikasyon liv kreyòl

Nan kad aktvite pou selebre Jounen entènasyonal lang manman, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) òganize, mèkredi 16 fevriye 2022 a, yon rankont ak 4 mezon edisyon. **“Edisyon nan lang kreyòl: reyalite, kontrent ak pèspektiv”**, se sou sijè sa a reprezantan edisyon yo ak entènot yo te brase lide soti 10 è rive Midi sou platfòm ZOOM.

Marc EXAVIER te pran lapawòl nan non C3 Éditions. Christ-Falin ORALUS te reprezante Editions de la Rosée. Roniro JEAN BAPTISTE te pale pou Edisyon Freda epi Akademisyen Gérard-Marie TARDIEU te pote pawòl edisyon Kopivit l’Action Sociale.

Tout reprezantan edisyon yo te esplike kondisyon difisil y ap travay nan peyi Ayiti. Yo pale de difikilte yo rankontre depi nan enprime liv pou rive vann liv nan yon peyi kote popilasyon an pa gen gwo mwaven lajan, mete sou sa, pa gen yon politik liv nan peyi a. Reprezantan edisyon yo esprime règrè yo paske pa vrèman gen enstitisyon Leta ki sipòte travay yo. Pou reprezantan Edisyon Freda, Roniro JEAN BAPTISTE, 5 lane egzistans edisyon an, pèsonn pa janm pale ak li malgre Edisyon Freda se premye epi sèl mezon edisyon ki pibliye liv sèlman an kreyòl. Men, sa pa anpeche edisyon Freda kontinye travay paske se yon batay lang, yon travay ideyolojik ak politik pou rive demokratize kesyon liv nan peyi a. Se pou sa Edisyon Freda mete kanpe 3 koleksyon.

Koleksyon Pawòl zòt: ki la pou pibliye otè etranje ki ekri nan lang kreyòl. Paregzanp, Edisyon Freda deja pibliye 2 liv nan koleksyon sila: Pawòl matjé ki se zèv Yves Marie SERALINE (Matinikè) ak Nostalji san pwen ni vigil, yon liv Hilario Batista FELIX (Kiben ki gen orijin li nan peyi Ayisyen)

Koleksyon Dodomeya: 4 liv gentan soti ladan. Koleksyon sila a rezève pou literati jenès (liv pou timoun).

Epi Koleksyon Lavilokan: pou ankouraje otè yo pwodui liv sou Vodou.

Reprezantan edisyon Freda pwopoze pou Akademi an ankouraje edisyon ak otè yo nan achte liv yo, nan envite yo nan aktivite epi òganize konkou pou moun k ap pwodui an kreyòl santi yo gen yon enstitisyon k ap panse pou yo. Si nan kòmansman travay la te parèt difisil akoz pwoblèm ki genyen sou mache liv kreyòl ayisyen an, akoz kreyasyon Festival Entènasyonal Literati Kreyòl (FEL), kòmanse genyen amelyorasyon paske FEL rive kreye yon podyòm ki pèmèt edisyon yo espoze epi vann liv pi byen.

Sou bò pa li, Akademisyen Gérard-Marie TARDIEU pataje enkyetid li genyen lè li konsidere gen 2 kategori moun nan peyi a ki pran pozisyon sou kesyon lang. Gen yon kategori ki vle pouse franse monte pou kofre lang majorite a. Moun sa yo refize konprann nesesite ki genyen pou yo pibliye liv nan lang pèp la. Yon lòt kote, gen yon kategori moun ki pito ap goumen pou respè dwa lengwistik pèp la, se nan kategori sa a li ye. Si Akademisyen TARDIEU pou kont pa li déjà piblisye plis pase 108 liv, selon temwanyaj li, edisyon Kopivit pibliye plis pase 250 liv an kreyòl (men se sitou liv lekòl).

Christ-Falin ORALUS ki t ap reprezante Editions de la Rosée, di li konstate gen anpil jèn ki pwopoze maniskri, men se sitou pwezi. Yo pa vrèman jwenn woman alòske sou mache a se woman yo plis mande. Men edisyon an jwenn mwens otè ki pwopoze yo woman. Pami 23 tit Editions de la Rosée genyen, 18 nan yo se liv kreyòl. Yo gen sèlman 5 piblikasyon an fransè. Editions de la Rosée travay pou rive pi pre lektè yo epi ankouraje plis moun li.

Se prèske menm konsta pou C3 Éditions ki pa jwenn anpil woman, esè ak liv pedagojik an kreyòl, alòske yo jwenn plis pwezi, selon reprezantan C3 Editions an, Marc EXAVIER. Li pwofite pwopoze Akademi an kreye pri literè pou ankouraje ekriven yo pwodui plis.

Se te yon aktivite enteresan kote te gen bon jan echanj ant reprezantan edisyon yo ak patisipan yo.